

**REPUBLIQUE DU BURUNDI**



**CABINET DU PRESIDENT**

**REPUBLIKA Y'UBURUNDI**



**IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU**

**DECRET N°100/085 DU 25 JUILLET 2018 PORTANT CADRE NATIONAL DE COLLECTE, DE DIFFUSION, D'ACCES, D'ARCHIVAGE ET DE SECURISATION DES DONNEES ET DES MICRO-DONNEES**

**LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,**

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Vu la loi n°1/17 du 25 septembre 2007 portant organisation du Système statistique au Burundi ;

Vu la loi n°1/021 du 30 décembre 2005 portant protection du droit d'auteur et des droits voisins au Burundi ;

Vu la loi n°1/19 du 17 mai 2014 portant ratification par la République du Burundi de la Charte africaine de la statistique ;

Vu le décret n°100/58 du 18 mars 2008 portant création, attributions, composition et fonctionnement du Conseil National de l'Information Statistique (CNIS) ;

Vu le décret n°100/59 du 18 mars 2008 portant réorganisation de l'Institut de statistiques et d'études économiques du Burundi ;

**ITEGEO INOMERO 100/085 RYO KUWA 25 MUKAKARO 2018 RISHINGA INGENE ITOROROKANYA, IVYATOROROKANIJWE MURI RUSANGI HAMWE N'INKURU ZIKIRI UKO ZATOROROKANIJWE KU KINTU ZIMENYESHA, ZIRONKWA, ZISHINGURWA N'INGENE ZIKINGIRWA MU GIHUGU**

**UMUKURU W'IGIHUGU,**

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/17 ryo ku wa 25 Nyakanga 2007 ritunganya ivyerekeye ibitororokanywa mu Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/021 ryo ku wa 30 Kigarama 2005 rikingira uburenganzira bw'uwitirirwa igikorwa n'uburenganzira bufitaniye isano n'ubwo mu Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/19 ryo ku wa 17 Rusama 2014 ryemeza ko Uburundi bwemeje Amasezerano y'ibihugu vya Afrika yerekeye ibitororokanywa ;

Yihweje Itegeko inomero 100/58 ryo ku wa 18 Ntwarante 2008 rishinga Umugwi w'Igihugu ujejwe ivyerekeye ibitororokanywa (CNIS), imirimo yawo, abawugize n'ingene ukora ;

Yihweje Itegeko inomero 100/59 ryo ku wa 18 Ntwarante 2008 risubiramwo itunganywa ry'Ikigo c'igihugu kijejwe ivyerekeye ibitororokanywa n'ivyigwa bijanye n'ubutunzi ;

Vu le décret n°100/261 du 31 octobre 2013 portant institution du visa statistique et de l'avis d'éthique pour les enquêtes statistiques et recherches biomédicales et comportementales au Burundi ;

Vu le décret n°100/227 du 8 octobre 2014 portant institution du cadre national d'assurance qualité des données (CNAQD) au Burundi ;

Sur proposition du Ministre des Finances, du Budget et de la Coopération au Développement Economique ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

### DECRETE :

#### CHAPITRE I : DE L'OBJET ET DES DEFINITIONS

##### Article 1 :

Il est institué un cadre national de diffusion, d'accès, d'archivage et de sécurisation des données et des micro-données.

##### Article 2 :

Le présent décret a pour objet de définir les conditions requises, la manière et les techniques de mise à la disposition des utilisateurs des données et des micro-données pour la recherche ou les analyses spécifiques.

##### Article 3 :

Au sens du présent décret, on entend par :

**les micro-données**, des informations sur les unités primaires interrogées tels les ménages, les personnes, les entreprises, les administrations, etc. ;

Yihweje Itegeko inomero 100/261 ryo ku wa 31 Gitugutu 2013 rishinga ko amatohoza ajanye n'ibitorokanywa hamwe n'ubushakashatsi ku muntu mu vyerekeye ubuvuzi n'inyifato mu Burundi bigirwa bitangiwe uruhusha kandi vyemejwe ko vyisunga akarangamutima;

Yihweje Itegeko inomero 100/227 ryo ku wa 8 Gitugutu 2014 rishinga ibikurikizwa mu kwemeza akaranga k'ivyatorokanijwe (CNAQD) mu Burundi;

Bishikirijwe n'Umushikiranganji w'Ikigega ca reta n'Imigenderanire mw'Iterambere mu vy'Ubutunzi

Inama Nshikiranganji imaze kuvyihweza ;

### ASHINZE :

#### IGICE CA MBERE: INTUMBERO N'INSIGURO Y'AMAJAMBO

##### Ingingo ya 1:

Harashinzwe mu Burundi ibikurikizwa mu kumenyesha, mu gushikira, mu gushingura no mu gukingira inkuru zatorokanijwe zamaze kwihwezwa n'izikiri uko zatorokanijwe.

##### Ingingo ya 2 :

Iri tegeko rifise intumbero yo gutomora ibisabwa, uburyo n'ubuhinga vyo kuronsa abakoresha inkuru zatorokanijwe zamaze kwihwezwa n'izikiri uko zatorokanijwe kugira zikoreshwe mu bushakashatsi canke mu vyigwa bijanye n'izo nkuru.

##### Ingingo ya 3 :

Muri iri tegeko, amajambo akurikira afise insiguro ikurikira :

**inkuru zikiri uko zatorokanijwe ku kintu** ni inkuru zatorokanijwe ku kintu kigize umugwi kanaka nk'ingo, abantu, amashirahamwe, ibisata vy'intwano n'ibindi ;

**les macro-données**, des informations agrégées à partir des micro-données ;

**ivyatororokanijwe ku mugwi** ni inkuru zatororokanijwe ku bigize umugwi kanaka zatunganijwe zigashirwa hamwe ;

**les données administratives**, des informations recueillies par les institutions publiques dans le cadre de leurs activités ;

**ivyatororokanijwe n'intwaro**, ni inkuru zitororokanywa n'ibisata vya Reta mu kurangura imirimo bijejwe ;

**les données statistiques**, des informations traitées par des méthodes statistiques et couvrant notamment les domaines économique, financier, monétaire, social et démographique, etc. ;

**ibiharuro vy'ivyatororokanijwe** ni inkuru zatororokanijwe zihwejwe hakoreshejwe ubuhinga bw'ugutororokanya inkuru, zikaba zerekeye nk'ibijanye n'ubutunzi, ikigega, agaciro k'ifaranga, imibano, igwirirana ry'abantu n'ibindi ;

**les statistiques officielles**, des données produites, validées et diffusées par les autorités statistiques ;

**ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa** ni ivyatororokanijwe vyasohowe, vyemejwe kandi vyatangajwe n'abategetsi babijejwe ;

**la diffusion/la dissémination**, la mise à la disposition du public des données statistiques produites sous forme de papiers, de supports électroniques et de toute autre forme technologique autorisée par les textes en vigueur ;

**ukumenyesha / ugukwiragiza ivyatororokanijwe** ni ukumenyesha abanyagihugu ibiharuro vy'ivyatororokanijwe bisohowe ku mpapuro, ku bikoresho bisomwa n'imashini nyabwonko no mu bundi buhinga bwose bwemewe n'amategeko asanzwe akurikizwa ;

**l'anonymisation**, l'opération par laquelle se trouve supprimé, dans un ensemble de données recueillies auprès d'une personne physique ou morale, tout lien qui permettrait l'identification de celle-ci à partir de l'information fournie ;

**ugutuma uwatanze inkuru atamenyekana** ni ugukura mu nkuru zose zatororokanijwe ku muntu canke kw'ishirahamwe ico cose cotuma amenyekana bivuye ku nkuru yatanze ;

**les utilisateurs de la statistique**, des personnes morales ou physiques ayant besoin de statistiques pour prendre des décisions dans le cadre de leurs activités ou ayant un intérêt dans la statistique.

**abakoresha ibiharuro vy'ivyatororokanijwe** ni amashirahamwe canke abantu bakenera ibiharuro vy'ivyatororokanijwe kugira bafate ingingo mu kurangura imirimo bajejwe canke bafise ico ibiharuro vy'ivyatororokanijwe bibafasha mu vyo barangura.

B α

B α

**CHAPITRE II :  
DE LA DISSEMINATION**

**IGICE CA II:  
IVYEREKEYE UGUKWIRAGIZA  
IVYATOROROKANIJWE**

**Section 1 :  
Du contenu du cadre de  
dissémination et des utilisateurs  
des statistiques**

**Agace ka 1:**

**Ivyerekeye ibikwiragizwa ivyo ari vyo  
n'abakoresha ibiharuro  
vy'ivyatororokanijwe**

**Article 4 :**

Le cadre de dissémination couvre les domaines suivants :

- 1° Les micro-données et leurs résultats ;
- 2° Les macro-données et leurs résultats ;
- 3° Les données administratives.

**Article 5 :**

Les utilisateurs sont :

- 1° Les institutions gouvernementales ;
- 2° Les institutions de recherche scientifique et universitaires ;
- 3° Les organisations internationales et les agences de développement régionales ;
- 4° Les partenaires techniques et financiers ;
- 5° Les entreprises ;
- 6° Les médias ;
- 7° Le public en général.

**Ingingo ya 4 :**

Ibikwiragizwa ni ibi bikurikira :

- 1° inkuru ku kintu zikiri uko zatororokanijwe n'ivyazivuyemwo ;
- 2° Ivyatororokanijwe ku mugwi n'ivyabivuyemwo
- 3° Ivyatororokanijwe n'intwaro.

**Ingingo ya 5 :**

Abakoresha ivyatororokanijwe ni :

- 1° Inzego za Reta ;
- 2° Ibigo bigira ubushakashatsi n'ibigo vya kaminuza ;
- 3° Amashirahamwe mpuzamakungu n'amashirahamwe ajejwe iterambere yo mu karere ;
- 4° Abafashanya na Reta mu vy'ubuhinga n'amafaranga ;
- 5° Amashirahamwe ;
- 6° Ibimenyeshamakuru ;
- 7° Abanyagihugu muri rusangi.

*B α*

*B α*

*B α*

**Section 2 :**  
**Des principes de la diffusion des statistiques officielles**

**Article 6 :**

Les principes de la diffusion des statistiques officielles sont les suivants :

- 1° Les statistiques officielles doivent être pertinentes pour les utilisateurs et se conformer aux exigences en matière de législation, de confidentialité et de qualité ;
- 2° Les statistiques officielles constituent un bien public dont la production est financée par le budget de l'Etat ou ses partenaires ;
- 3° La diffusion des statistiques officielles doit être impartiale et transparente ;
- 4° La sécurité des données et le respect de la vie privée doivent être garantis ;
- 5° Les composantes du système statistique national, en sigle SSN, ont l'obligation de clarifier les éventuelles interprétations erronées des statistiques officielles ;
- 6° La disponibilité des statistiques officielles est annoncée à l'avance à travers le programme pluriannuel d'activités statistiques ainsi que les plans annuels de travail dérivés.

**Agace ka 2 :**  
**Ingingo zisungwa mu kumenyesha ivyatororokanijwe vyemejwe**

**Ingingo ya 6 :**

Ingingo zisungwa mu kumenyesha ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa ni izi zikurikira :

- 1° Ibiharuro vyamaze kwemezwa bitegerezwa kuba ari nkenerwa ku babikoresha kandi bikaba vyisunga ibitegerejwe bijanye n'amategeko, ukugumiza inkuru mw'ibanga n'ibijanye n'akaranga ;
- 2° Ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa ni itungo rikoresheya n'uwurikeneye wese bikaboneka hakoreshejwe uburyo bwa Reta canke ubutangwa n'abafashanya na Reta ;
- 3° Igikorwa c'ukumenyesha ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa gitegerezwa kugirwa ata guhengama kandi ku mugaragaro ;
- 4° Ingingo y'ugukingira ivyatororokanijwe n'ukutisuka mu buzima bw'umuntu itegerezwa kwubahirizwa ;
- 5° Inzego zose zigize Igisata kijejwe ivyerekeye ibitororokanywa mu gihugu (SSN), zitegerezwa kwitwararika ko hataba ivyoshobora gutuma ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa bihabwa insiguro itari yo ;
- 6° Ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa biratangazwa ko bihari imbere yuko bimenyeshwa biciye mu ndinganizo y'ibikorwa vyerekeye ibitorokanywa birangurwa mu myaka myinshi hamwe no mu ndinganizo z'ibikorwa vyo ku mwaka ku mwaka bijanye.

**Section 3 :  
Des mécanismes de diffusion**

**Article 7 :**

Les services et les organismes du SSN ont l'obligation de rendre publiques les statistiques officielles disponibles dans le respect du cadre national et international réglementant la production et la dissémination des données et des micro-données.

**Article 8 :**

Sauf cas de force majeure, les rapports définitifs des enquêtes statistiques et des recensements doivent être publiés respectivement dans un délai ne dépassant pas une année et deux ans après la collecte des données.

**Article 9 :**

Les mécanismes de diffusion sont les suivants :

1° La définition des formats dans lesquels les données peuvent être diffusées avec les technologies accessibles au Burundi ;

2° La définition de la nature des fichiers de données à publier, l'usage qui en est fait et les conditions dans lesquelles ils sont remis aux utilisateurs,

3° L'accord sur les directives d'utilisation des données et des micro-données fournies.

**Article 10 :**

Les canaux de diffusion sont :

1° Les publications ;

**Agace ka 3 :  
Ivyisungwa mu kumenyesha  
ivyatororokanijwe**

**Ingingo ya 7 :**

Ibisata n'amashirahamwe bikora mu Gisata kijejwe ivyerekeye ibitororokanywa bitegerezwa gutangaza ivyatororokanijwe vyamaze kwemezwa bihari hubahirijwe amategeko y'igihugu na mpuzamakungu agenga igikorwa c'ugusohora n'ugukwiragiza ivyatororokanijwe ku migwi hamwe n'inkuru zikiri uko zatororokanijwe.

**Ingingo ya 8 :**

Kiretse mu bihe bidasanze, ivyegeranyo ntabanduka vy'amatohoza yerekeye ibitororokanywa bitegerezwa gutangazwa mu kiringo kitarenza umwaka umwe, ivyegeranyo vyerekeye rusansuma na vyo bigategerezwa gutangazwa mu kiringo kitarenza imyaka ibiri ivyatororokanijwe kuva bihejeje kwegeranywa.

**Ingingo ya 9 :**

Ivyisungwa mu kumenyesha ivyatororokanijwe ni ibi bukurikira :

1° Ugutomora uko ibitangazwako inkuru biba bimeze hakoreshejwe ubuhinga bushobora gukoreshwa mu Burundi ;

2° Ugutomora ivyatororokanijwe bitangazwa ivyo ari vyo, ico bikoreshwa n'ibisabwa kugira ababikoresha babironke ;

3° Ukwemera gukurikiza ivyisungwa mu gukoresha ivyatororokanijwe ku migwi n'inkuru zikiri uko zatororokanijwe vyatanzwe.

**Ingingo ya 10 :**

Inzira zikoreshwa mu kumenyesha ivyatororokanijwe ni izi zikurikira :

1° Inzandiko zisohorwa ;

B X

B X

2° Les séminaires, les ateliers et les événements en rapport avec la statistique ;

3° Les supports électroniques ;

4° La bibliothèque.

2° Inama nkarishabwenge, inganda zo guhanahaniramwo ivyiyumviro n'iminsi ishikirizwamwo ibijanye n'ivyatororokanywa;

3° Ibishirwako ivyatororokanijwe bisomwa n'imashini nyabwonko ;

4° Inyubakwa zibikwamwo zikongera zigasomerwamwo ibitabu.

#### Article 11 :

Pour chaque publication, une liste de diffusion est établie et réactualisée par le service producteur pour la distribution des versions papier des documents.

Les utilisateurs des technologies de l'information et de communication peuvent recevoir gratuitement, par courrier électronique, les publications et les données stockées dans les supports de stockage numériques tels que les flashs disques, les CD, les DVD, les bandes électroniques, les pages web et faire, le cas échéant, un feedback en vue d'améliorer la qualité des données.

Les bibliothèques du SSN servent pour la consultation sur place des publications aux chercheurs et au public en général. Chaque bibliothèque doit disposer d'une fiche des demandeurs d'informations qu'il remplit pour des fins statistiques.

#### Ingingo ya 11 :

Igihe cose, mu gukwiragiza ivyatororokanijwe bisohorwa biri ku mpapuro, igisata kijejwe kubitororokanya kirategura urutonde rw'ibisohorwa bimenyeshwa kikongera kikaja kirarushira ku gihe.

Abakoresha ubuhinga bwa none bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru barashobora kuronka ataco barishe, biciye mu buhinga ngurukanabumenyi, ivyatorokanijwe vyasohowe n'ivyatororokanijwe bibitswe ku bikoreho vyo mu buhinga bwa none bwa nimerike nk'utwuma twitwa farashedisike, amasede, amadevede, amabande, impapuro zo ku mbuga mvajuru, bakongera bakamenyeshya ababisohoye ico babivuzeko, iyo bikenewe, mu ntumbero yo gutuma bikorwa neza kuruta.

Inyubakwa zishingurwamwo zikongera zigasomerwamwo ibitabu z'igisata kijejwe ivyerekeye ibitororokanywa zifasha abashakashatsi n'abandi bantu bose muri rusangi mu kuhasomera ivyatororokanijwe vyamenyeshajwe. Inyubakwa yose ishingurwamwo ikongera igasomerwamwo ibitabu itegerezwa kuba ifise ifishi y'abarondera ivyatororokanijwe yuzuza mu ntumbero yo gutororokanya ibiharuro vyerekana abarondera ivyatororokanijwe.

B d

A

**CHAPITRE III :  
DE L'ACCES AUX MICRO-  
DONNEES :**

**Section 1 : Des délais d'accès**

**Article 12 :**

L'accès aux micro-données est autorisé lorsque celles-ci ont déjà fait l'objet de traitement, d'analyse et de publication d'au moins un rapport définitif.

L'accès aux micro-données des enquêtes et des recensements prend cours respectivement à partir de trois mois et d'une année dès la publication du rapport final.

**Article 13 :**

Pour les enquêtes lourdes et les recensements, les données peuvent être diffusées en deux phases. Les premières données sont publiées après la production du rapport provisoire. Les données sont retirées dès que le rapport définitif est publié et en fonction du niveau d'apurement des données en circulation. Dans ce cas, une note particulière est publiée pour informer les utilisateurs sur les modifications éventuelles.

**Section 2 :  
Des obligations des parties**

**Paragraphe 1<sup>er</sup>.  
Des obligations des producteurs**

**Article 14 :**

Le SSN approuve la dissémination de toutes les statistiques officielles et s'assure que tous les utilisateurs reçoivent les données au même moment selon le calendrier de dissémination.

**IGICE CA III :  
IVYEREKEYE UKURONKA INKURU  
ZIKIRI UKO ZATOROROKANIJWE :**

**Agace ka 1 : Ibiringo vy'ukuronka inkuru**

**Ingingo ya 12 :**

Inkuru zikiri uko zatororokanijwe zitangwa igihe zamaze gutunganywa, kwihwezwa kandi zimaze kugirirwa n'imiburiburi icegeranyo ntabanduka.

Inkuru ku kintu zikiri uko zatorokanijwe zerekeye amatohoza umuntu ashobora kuzironka haciye amezi atatu, izerekeye urusansuma na zo, haciye umwaka umwe icegeranyo ntabanduka kimaze gusohorwa.

**Ingingo ya 13 :**

Ku vyerekeye amatohoza na rusansuma bikomakomeye, ivyatororokanijwe bishobora kumenyeshwa mu bishingo bibiri. Ivyatororokanijwe bitangura gushikirizwa bimenyeshwa hamaze kugirwa icegeranyo c'imfatakibanza. Ivyo vyamenyeshejwe bica bikurwaho kuva hatangajwe icegeranyo ntabanduka kandi bivanye n'uko ibimaze gukurwa mu babikoresha bingana. Muri ico gihe, haratangazwa urwandiko rumenyeshya ababikoresha ibishobora kuba vyarahindutse.

**Agace ka 2 :  
Ivyo abajejwe ibitororokanywa  
n'ababikoresha bategerejwe**

**Agahimba ka mbere:  
Ivyo abajejwe ibitororokanywa  
bategerejwe**

**Ingingo ya 14 :**

Igisata kijejwe ivyerekeye ibitororokanywa kiremeza ko ivyatorokanijwe vyose vyemejwe bikwiragizwa kikongera kikitwararika ko ababikoresha babironkera ica rimwe nk'uko ikirangaminsi c'ukubikwiragiza kibitegekanya.

Tout producteur, en particulier les services statistiques des Ministères, est tenu de collaborer avec l'ISTEEBU dans l'élaboration des méthodologies, la collecte et le traitement des données collectées.

**Article 15 :**

L'Institut de statistique et d'études économiques du Burundi, en sigle ISTEEBU, est chargé de la dissémination des données et des micro-données à des organisations internes et externes au SSN. Il signe des accords de partage de micro-données et des données du Burundi avec les organisations externes au SSN qui veulent les diffuser dans le respect des dispositions du présent décret.

**Article 16 :**

L'ISTEEBU remet les micro-données et les données aux seuls utilisateurs qui remplissent les conditions après avoir vérifié qu'aucun utilisateur ne peut reconnaître l'identité des personnes physiques ou morales interviewées.

**Article 17 :**

L'ISTEEBU doit classer les micro-données et les données selon leur niveau de sensibilité et de risque, en tenant compte du cadre juridique du Burundi sur la liberté d'information et la protection des données, des accords contractuels et des considérations d'éthique.

**Article 18 :**

L'ISTEEBU ne doit pas partager des données ou des informations aux institutions ou aux individus avant leur sortie officielle.

Uwo wese ajejwe ibitororokanywa, cane cane ibisata vy'ubushikiranjanji bijejwe ibitororokanijwe, ategerezwa gukorana n'ikigo c'igihugu kijejwe gutororokanya n'ugusesangura ibiharuro bijanye n'ubutunzi bw'igihugu, mu mpfunyapfunyo y'igifaransa ISTEEBU muvyugushiraho ubuhinga, itororokanya n'itunganywa ry'ibiharuro vyatororokanijwe

**Ingingo ya 15 :**

Ikigo c'igihugu kijejwe gutororokanya n'ugusesangura ibiharuro bijanye n'ubutunzi bw'igihugu, mu mpfunyapfunyo y'igifaransa ISTEEBU gishinzwe gukwiragiza mu mashirahamwe yo mu gisata SSN n'ayatari muri ico gisata ivyatororokanijwe muri rusangi hamwe n'inkuru zikiri uko zatororokanijwe. Kiragiranira amasezerano y'uguhanahana inkuru ku kintu zikiri uko zatororokanijwe hamwe n'ivyatororokanijwe muri rusangi vyo mu Burundi n'amashirahamwe atari ayo mu gisata SSN ashaka kubimenyesha ari uko yemeye kwubahiriza ibitegekanywe n'iri tegeko.

**Ingingo ya 16 :**

Ikigo ISTEEBU giha inkuru zikiri uko zatororokanijwe n'ivyatororokanijwe muri rusangi ababikoresha bakwije ibisabwa bonyene kimaze gusuzuma ko ata wubikoresha n'umwe ashobora kumenya abantu canke amashirahamwe babishikirije.

**Ingingo ya 17 :**

Ikigo ISTEEBU gitegerezwa gushingura inkuru zikiri uko zatororokanijwe n'ivyatororokanijwe muri rusangi hisunzwe ingene ari inkoramutima n'ivyo zishikira zigashingurwa hakurikijwe amategeko y'Uburundi agenga ibijanye n'uburenganzira bw'ukuronka inkuru n'ugukingira ivyatororokanijwe, ivyapfunditswe mu masezerano hamwe n'ivyihwejwe bijanye n'akarangamutima.

**Ingingo ya 18 :**

Ikigo ISTEEBU gitegerezwa kudaha ivyatororokanijwe canke inkuru ibisata canke abantu imbere yuko bitangazwa.

**Paragraphe 2 :  
Des obligations des utilisateurs**

**Article 19 :**

Les micro-données et les données reçues sont utilisées uniquement à des fins statistiques.

**Article 20 :**

Toute personne physique ou morale peut soumettre une demande de micro-données et les données qui ont été collectées, analysées et archivées dans la base de données de l'ISTEEBU.

Pour les micro-données, l'utilisateur doit fournir un résumé de l'exploitation qu'il entend en faire et lister les variables qui l'intéressent.

**Article 21 :**

Les institutions partenaires qui appuient techniquement le SSN ne peuvent pas remettre les micro-données à une tierce partie.

**Article 22 :**

Les utilisateurs qui reçoivent des micro-données et des données de l'ISTEEBU s'engagent à les utiliser dans le respect des exigences sur la confidentialité conformément aux dispositions légales et réglementaires en vigueur au Burundi.

Nul ne peut établir des liens entre les bases de données ou les données fournies par l'ISTEEBU et d'autres bases de données pour identifier des personnes ou des organisations.

**Agahimba ka 2:  
Ivyo abakoresha ivyatororokanijwe  
bategerejwe**

**Ingingo ya 19 :**

Inkuru zikiri uko zatororokanijwe n'ivyatororokanijwe muri rusangi biba vyatanzwe bitegerezwa gukoreshwa gusa mu mu gutegekanya imigambi hisunzwe ibiharuro biverekeye.

**Ingingo ya 20 :**

Umuntu wese canke ishiramwe arashobora gusaba inkuru zikiri uko zatororokanijwe n'ivyatororokanijwe muri rusangi vyegeranijwe, vyihwejwe bikongera bigashingurwa mw'iyegeranirizo ry'ivyatororokanijwe ry'Ikigo ISTEEBU.

Mu gusaba inkuru zikiri uko zatororokanijwe, uwukeneye kuzikoresha ategerezwa gutanga incamake y'ico agomba kuzikoresha n'ukugira urutonde rw'izo akeneye.

**Ingingo ya 21 :**

Ibisata bifashanya n'igisata SSN mu bijanye n'ubuhinga ntibishobora guha uwundi muntu inkuru zikiri uko zatororokanijwe.

**Ingingo ya 22 :**

Abakoresha inkuru zikiri uko zatororokanijwe n'ivyatororokanijwe bahawe n'Ikigo ISTEEBU biyemeza kubikoresha hubahirijwe ibisabwa bijanye n'ukubigumiza mw'ibanga hisunzwe ibitegekanyijwe n'amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa mu Burundi.

Nta n'umwe arekuriwe kurondera isano hagati y'iyegeranirizo ry'ivyatororokanijwe canke ivyatororokanijwe vyatanzwe n'Ikigo ISTEEBU n'ibindi vyatororokanijwe kugira hamenyekane abantu canke amashiramwe vyerekeye.

MS

B α

MS

B α

**Article 23 :**

Les utilisateurs de données doivent reconnaître que les droits de propriété intellectuelle disponibles, y compris le droit d'auteur sur les données, sont la propriété du SSN burundais. L'utilisateur des données doit fournir à l'ISTEEBU une copie du produit de l'exploitation des micro-données et des données mises à sa disposition.

L'ISTEEBU n'est pas responsable des désagréments ou des dommages résultant d'une mauvaise utilisation des données par les utilisateurs ou toute autre personne. En utilisant les données fournies, les utilisateurs acceptent de ne pas engager la responsabilité de l'ISTEEBU sous quelque forme que ce soit.

**Article 24 :**

Toutes les publications qui utilisent des données obtenues à partir des archives de l'ISTEEBU doivent mentionner la source des données.

**CHAPITRE IV :  
DES DISPOSITIONS DIVERSES ET  
FINALES**

**Article 25 :**

Les dépenses liées à la mise en œuvre du cadre national de diffusion, d'accès, d'archivage et de sécurisation des données sont inscrites au budget de fonctionnement de l'ISTEEBU.

**Article 26 :**

Toutes les dispositions antérieures contraires au présent décret sont abrogées.

**Article 27 :**

Le Ministre ayant en charge des finances est chargé de la mise en application du présent décret.

**Ingingo ya 23 :**

Abakoresha ivyatororokanijwe bategerezwa kumenya ko uburenganzira bujanye n'amatungo mvabwenge buhari, harimwo n'uburenganzira bujanye n'ugutorokanya ubwa mbere inkuru, ari itungo ry'igisata SSN c'Uburundi. Uwukoresha ivyatororokanijwe ategerezwa gushikiriza Ikigo ISTEEBU ikopi y'icashitsweko mw'ikoreshwa ry'inkuru zikiri uko zatororokanijwe n'ivyatororokanijwe muri rusangi yahawe.

Ikigo ISTEEBU ntikibazwa ibitagenze neza canke ivyononekaye biturutse ko abakoresha ivyatororokanijwe canke uwundi muntu wese babikoresheje nabi. Mu gukoresha ivyatororokanijwe bahabwa n'ikigo ISTEEBU, ababikoresha bemeza ko Ikigo ISTEEBU ata co kibazwa mu buryo ubwo ari bwo bwose.

**Ingingo ya 24 :**

Inzandiko zisohorwa zose hakoreshejwe ivyatororokanijwe bivuye mu bubiko bw'ikigo ISTEEBU zitegerezwa kwerekana amamuko yavyo.

**IGICE CA IV:  
INGINGO ZITANDUKANYE N'IZISOZERA**

**Ingingo ya 25 :**

Amafaranga akoreshwa mu bijanye n'ukumenyeshya, ugutanga, ugushingura n'ugukingira ivyatororokanijwe ashirwamu mafaranga Ikigo ISTEEBU gitegekanya gukoresha.

**Ingingo ya 26 :**

Ingingo zose zahora ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

**Ingingo ya 27 :**


Umushikiranganji ajejwe ubutunzi ni we ajejwe ishirwa mu ngiro ry'iri tegeko.

**Article 28 :**

Le présent décret entre en vigueur le jour de sa signature.

Fait à Bujumbura, le 25/7/2018

Pierre NKURUNZIZA. -




PAR LE PRESIDENT DE LA  
REPUBLIQUE,

LE DEUXIEME VICE-PRESIDENT  
DE LA REPUBLIQUE,

Dr Joseph BUTORE.



LE MINISTRE DES FINANCES, DU  
BUDGET ET DE LA COOPERATION  
AU DEVELOPPEMENT  
ECONOMIQUE,



Dr Domitien NDIHOKUBWAYO

**Ingingo ya 28 :**

Iri tegeko ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

Bigiriwe i Bujumbura, kuwa 25/7/2018

NKURUNZIZA Pierre.-




KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

ICEGERA CA KABIRI C'UMUKURU  
W'IGIHUGU,

Dr BUTORE Joseph.



UMUSHIKIRANGANJI W'IKIGEGA CA  
RETA N'IMIGENDERANIRE  
MW'ITERAMBERE RY'UBUTUNZI,



Dr Domitien NDIHOKUBWAYO